



Chè Kominote Lekòl Piblik Bridgeport la,

Kounye a, lekòl piblik yo nan Bridgeport ap fè fas a yon moman esansyèl—yon moman ki egzije pou nou tout mete tèt ansanm pou chak elèv ka gen chans ak sipò li bezwen yo pou reyisi nan apran-tisaj li, nan lavi li, ak nan travay apre lekòl la.

Distrik la ap edike 20,022 elèv, ki jwenn sipò apeprè 2,800 anseyan devwe ak lòt pèsònèl lekòl. Pami elèv yo, gen 17,510 (87.5 pouzan) ki kalifye pou manje gratis oswa a pri redui; 4,154 (20.7 pouzan) k ap resevwa sèvis edikasyon espesyal, ak 6,222 (31.1 pouzan) k ap aprann lang anglè/ k ap aprann nan plizyè lang. An 2023-24, te gen 292 elèv ki te viv yon sitiyasyon sanzabri tou. Nan sa ki gen pou wè avèk akonplisman elèv yo, se sèlman yon elèv sou senk nan lang ak literati anglè ak yon elèv sou uit nan matematik nan klas 3yèm rive 8yèm ane ki te rive nan nivo konpetan nan egzamen eta a.

Estatistik sa yo reprezante timoun toutbon, ki gen rèv toutbon. Chak nan elèv sa yo merite yon chimen k ap ba li chans jwenn reyisit ak kè kontan dirab. Lè absanteyis kwonik la rete wo, a prèske 30 pouzan pou kat ane pase yo, lè to gradyasyon yo ap bese, lè gen prèske 30 pouzan nan elèv 9yèm ane yo ki pa sou chimen pou gradye alè, epi se apeprè yon elèv sou kat ki pare pou edikasyon apre lekòl segondè, li klè gen mezi ijan ki nesesè.

Se poutèt sa Depatman Edikasyon Eta Connecticut la (Connecticut State Department of Education, CSDE) ap entèvni—pa pou pran kontwòl, men pou kanpe bò kote w kòm yon kolaboratè nan chan-jman. Nou vle pou tout elèv yo, fanmi yo, anseyan yo, ak tout kominote a nèt konnen nou tout nan menm bato a, ap travay pou amelyore rezulta elèv yo ak batì yon sistèm pi solid, ki pote plis sipò, k ap reponn bezwen chak elèv nan Bridgeport.

Kijan nou fè rive la?

An novanm 2024, lekòl piblik Bridgeport yo (Bridgeport Public Schools, BPS) te anonse yon defisi bidjetè 38 milyon dola pou ane lekòl 2024-25 la. Bidjè a pase avèk yon defisi 26 milyon dola. Anmenmtan, BPS fè fas a anpil chanjman nan direksyon li, avèk plizyè direktè reyjonal ansèyman nan sèlman kèk ane. Enstabilite sa a, kombine avèk difikilite ki toujou genyen nan ansèyman espesyal la, te soulve gwo enkyetid konsènan kapasite distrik la pou li fè fas a responsabilite li yo anvè elèv yo.

Apre yon reyinyon avèk Prezidan Konsèy Edikasyon Bridgeport la ak Direktè Reyjonal Ansèyman Enterimè a, Konsèy Edikasyon Eta a (State Board of Education, SBE) te bay CSDE otorizasyon pou li entèvni ak pran mezi ki nesesè yo pou okipe pwoblèm estabilite a nan operasyon BPS yo.

Ki mezi n ap pran?

Bridgeport resevwa plis pase 300 milyon dola finansman nan men eta a ak finansman federal, men san planifikasyon finansye, desizyon, ak gouvènans solid, menm pi gwo bidjè yo ka echwe nan sèvi elèv yo kòmsadwa. Se poutèt sa nou pa konsantre sèlman sou estabilize yon bidjè—objektif nou se ranfòse direksyon distrik la, amelyore responsabilite, ak tabli yon fondasyon solid, dirab pou siksè alontèm.

1. Gen yon Ekip Anplas

Mwen tabli yon Ekip Asistans Teknik ki gen ladan I moun ki gen plizyè dizèn ane eksperyans ap dirige lekòl piblik nan operasyon, finans, edikasyon espesyal, ak gouvènans. Ekip Asistans Teknik la pral nan distrik la, ap travay dirèkteman avèk Direktè Reyjonal Ansèyman Enterimè a, Konsèy Edikasyon Bridgeport la (BBE), ak dirijan distrik la pou mete entèvansyon sou pye tankou:

kontinye ►

- Evalye ak rezoud pwoblèm estabilite operasyon yo nan distrik la.
- Amelyore rezulta elèv yo—avèk yon konsantrasyon espesyal sou elèv BPS jije ki kalifye pou edikasyon espesyal ak sèvis ki gen pou wè avèk sa yo.
- Ofri sipò sible nan domèn jesyon finansye ak inisyativ ak pwoesisis pedagojik.

Ekip Asistans Teknik la pral bay mwenmenm ak ekip mwen an nan CSDE a nouvèl regilyèman pou garanti responsabilite ak transparans.

2. Ranfòsman Gouvènans ak Direksyon Konsèy la

BBE a jwe yon wòl esansyèl nan reyisit distrik ou a. Gras a elaborasyon politik, apwobasyon bidjè, anbochay direktè rejonal ansèyman an, ak sipò pou kourikoulòm nan, konsèy la fikse oryantasyon estratejik distrik la, pandan direktè rejonal ansèyman an ap pran responsabilite jere operasyon kotidyen yo ak egzekite direktiv sa yo. Pou ede BBE jwe wòl sa a kòmsadwa, mwen bay demann li an pou fè Asosyasyon Konsèy Edikasyon Connecticut la (Connecticut Association of Boards of Education, CABE) ba li fòmasyon konplè, apwobasyon inisyal.

Fòmasyon obligatwa sa a pral konsantre sou:

- Relasyon ant Konsèy la ak Direktè Rejyonal Ansèyman an, pou garanti wòl ak responsabilite klè.
- Elaborasyon ak mizajou politik ak pwoesi yo, pou konsèy la ka poze yon fondasyon solid pou lekòl yo.
- Etablisman objektif ak estrateji pedagojik pou favorize reyisit akademik.
- Jesyon bidjè ak kontwòl fiskal pou garanti fon piblik yo depanse avèk sajès.
- Pwoesi efikas pou reyinyon konsèy yo, pou favorize diskisyon ak desizyon pwodiktif.

Pou garanti transparans, BBE a oblige fè rapò sou sitiyasyon ak pwogrè fòmasyon li an nan chak nan reyinyon Konsèy piblik li yo.

3. N ap Garanti Patisipasyon Kominote a

Nou konnen chanjman an fêt toutbon lè elèv yo, fanmi yo, ak anseyan yo fè pati konvèrsasyon an. Se poutèt sa mwen angaje Sant Resous Eta a pou Edikasyon (State Education Resource Center, SERC) pou li òganize Seyans pou Koute kote nou ka tande w direktèman.

Premye nan Seyans pou Koute sa yo ap fêt an janvyé lè Gouvènè Lamont, Majistra Joe Ganim, lòt dirijan lokal ak dirijan eta a, ak mwenmenm fè yon tab wonn avèk pwofesè Bridgeport yo pou tande yo dirèkteman sou zafè eksperyans yo, sa k ap trakase yo, ak ide yo pou avanse. Konvèrsasyon kontinyèl sa yo pral ede garanti travay k ap tann nou an gen kòm gid done ak politik, epi sa ki pi enpòtan, vwa moun ki konn distrik la pi byen—elèv yo, fanmi yo, anseyan yo, ak manm kominote a.

N ap Avanse Ansanm

Chanjman ka bay yon santiman ensètitid, men mwen vle asire w, tout desizyon k ap pran yo konsantre sou garanti elèv Bridgeport yo resevwa edikasyon yo merite a epi distrik la gen pi bon chans reyisit posib. Nou p ap mete yon solisyon sou pye epi mache pòs nou—paske si li pa mache, se pa anyen nou akonpli.

M apresye kolaborasyon w, defans ou, ak devouman w. Ansanm, nou pral ranfòse BPS pou chak elèv ka jwenn yon Invè Chans epi ka reyalize potansyèl maksimòm li. Difikilte n ap konfwonte yo serye, men nou tout pran yon angajman serye tou pou nou kreye refòm dirab k ap pote transfòmasyon, ki pral ogmante ekselans la nan edikasyon epi garanti yon avni briyan pou chak gress elèv nan Bridgeport.

Salitasyon kolaboratè w la,

Charlene M. Russell-Tucker

Komisè Charlene M. Russell-Tucker